# KISHKENE BALALARDİ EKOLOGIYALİQ TÁRBIYALAWDA ERTEKLERDEN, MULTFILMLERDEN PAYDALANİW HAQQİNDA

**Janiyazova Ulzada Maxmudovna**
**Tárbiyashı, Nókis qalasındağı Kásiplik kónlikpeler orayı.**
**Nókis, Ózbekstan.**
**+998991183221**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.17412008**

Ekologiyalıq bilimlerdi insan sanasına tolıq jetkeriw ásirese jas áwlatlarǵa ekologiyalıq túsiniklerdi ekologiyalıq mádeniyatlılıqtı sińdiriw búgingi kúnniń talabı bolıp qalmaqta. Tábiyat qushaǵında jasawshı hár bir adam onıń gózzalıǵınan nár aladı, onnan ruwxıy azıqlanıwı arqalı sanası rawajlanadı hám tábiyattan paydalanıw zárúrligin túsinedi.

Demek, adam – tábiyattıń bir bólegi bolıp xızmet atqaradı eken. Nemes jazıwshısı Novalis «Biz bir waqıttıń ózinde tábiyat qushaǵındamız hám onnan sırtta tamız. Sonıń menen birge kózge kórinbeytuǵın sezimler arqalı jáne de jaqınlaymız» dep adam psixolgiyasındaǵı biologiyalıq zanlılıqlar menen sezimlerdi qabıllaw ózgesheliklerin organikalıq jaqtan biriktiredi.

Haqıyqatında da adam tábiyat kórinislerin kóriw organları arqalı tallasa, onıń áhmiyetin túsindiriw, psixologiyalıq qabıllaw arqalı qabıl etip tallaydı hám juwmaq shıǵaradı. Nátiyjede, tábiyattıń tásirlerinen adam organizmdegi ózgerisler kelip shıǵadı.

Keyingi jılları oqıtıw hám tárbiya jumıslarındaǵı unamsız háreketlerdi, oqıwshılardıń bilim dárejesindegi kemshiliklerdi ekologiyalıq apatshılıqtıń tásiri dep tanıp, sonıń ayıpkerin izlew menen háleksiz. Tiykarınan tábiyattıń sırlı áleminen paydalanıwdı xalıq óz pedagogikalıq kóz qarası menen túsintiriwge talpınıp kelgen.

Mısalı, xalıq awız dóretpelerinde «Tawlı jer bulaqsız bolmas», «Qarlıǵash báhár nıshanı», «Shaǵala kelmey – jaz bolmas, shalqıp atpay kól bolmas» t.b. qusaǵan naqıl – maqallardı dóretiw arqalı jas áwlatlardı tábiyatqa beyimlesiwge jol kórsetip, onıń sociallıq ekologiyalıq baylanısların ózlestiriwge tiykar salıp ketken.

Ekologiyalıq talaplar haqqında danalar sózinde: «Tábiyat ústinen erisken jeńislerimizden artıqsha quwanbayıq. Bunday artıq ketken jeńisler ushın ol bizden ósh alıwı múmkin» delingendey házirgi ekologiyalıq apatshılıqtı bizden tábiyattıń ósh alıp atırǵanın túsindiriw kerek.

Sonıń ushın da hár bir sabaq barısında úyreniletuǵın temanıń mazmunına qaray ekologiyalıq bilim hám tárbiyanı baylanıstırıp ótiwimiz lazım. Oqıw kitabı sabaqlıǵınan tábiyat kórinisleri súwretlenetuǵın shıǵarmalar kóbirek orın alsa ekologiyalıq bilim beriw júz payız orın aları sózsiz. Hám oqıwshılardıń estetikalıq zawıq alıwın hám tábiyat qublıslarına qızıǵıwshılıǵın payda etetuǵın sezimlerdi rawajlandıradı. Nátiyjete oqıwshı kompleksli bilim menen támiyinlep, onıń logikalıq oy - órisin iyimlilik penen qurallanıp baradı.

Mısalı N.Japakovtıń «Báhár», B.Qayıpnazarovtıń «Kók emen», N.Dabılovtıń «Jaz máwsimi», X.Seytovtıń «Aral», M.Seytniyazovtıń «Ámiw, Aral meniń ómirimde», A.Musaevtıń «Moynaq», I.Yusupovtıń «Aral ellegiyaları» qosıqlarında ana tábiyattıń kórinisi súwretlenedi, onıń bala tárbiyasındaǵı ullılıǵı, watanǵa bolǵan patriotlıq sezimlerdi payda etetuǵınlıǵı sózsiz.

Usı shıǵarmalardı úyreniwde ekologiyalıq tárbiya beriw birge tayın túsindiriw jeńil formada kóz aldımızǵa elesleydi. Biraq balanıń fiziologiyalıq psixologiyalıq ólshemlerin alıp

qaraǵanda ideyalıq, tariyxıylıq, sociallıq mashqalalardı aldımızǵa jayıp taslaw wazıypasın atqarǵanlıǵın moyınlaǵımız kelmeydi.

Kishkene balalar hár qanday bilimdi oy – órisi arqalı qabıllaw kónlikpesi menen keńeytip, óz sezimlerin sóz arqalı bayanlap baradı.

Gúz kórinisi samallardıń esiwi, suwdıń aǵıwı, hawanıń salqın tartıwı t.b. ózgerislerdi awıl xojalıq ónimlerin jıynawdaǵı mashqalalarǵa baylanıstırıw arqalı oqıwshınıń pikir júritiw uqıplılıǵın kompleksli rawajlanıw menen birge sabaqlıqtıń mazmunlılıǵına erisiledi. Oqıwshıǵa ekologiyalıq bilim hám tárbiyanıń túp tiykarǵı talapların biliwde psixologiyalıq jol – joba berip barıladı.

Ekologiyalıq tárbiya mashqalalardıń tek kópshiliktiń kúsh salıwları menen ámelge asıratuǵınına isenemiz. Eger hár bir pedagog óz tájiriybesinde balalardıń tábiyattı úyreniwine azǵanday bolsa da múmkinshilik jaratıp berse, bul ulıwma xalıqlıq múlkke qosqan úlken baylıǵı bolıp esaplanadı.

Kishkene balalarǵa tábiyat, haywanat, ósimlikler dúnyası menen tanıstırıwda, olardıń jámiyetin kórsetiwde ertekler hám gúrrińlerden paydalanıw balalar ushın júdá qızıqlı boladı.

Máselen, kishkene balalar multfilmlerdi júdá jaqsı kóredi. Mine sol balalar ushın súykimli «Etik kiygen pıshıq» (Kot v sapogax) multfilmi.

Bul multfilmdegi bas qahraman Pıshıq. Bir ǵarrınıń úsh balasınıń kishkentayına násilge pıshıq beriledi. Úlken balasına atasınıń jayı, ekinshisine eshek, al úshinshisi balasına pıshıq tiysedi. Biraq bul pıshıq júdá aqıllı, shaqqan hám qayırqom bolıp iyesin patshaǵa kúyew bala dárejesine jetkeredi. Ol pıshıq adamxor dáwdi de aldap jeńedi, iyesin kóp jerleri, malları, atızları, biydayları sarayı bar bay qılıp kórsetip murat maqsetine jetkeredi. Mine bul ertek multfilmde Pıshıq úlken qahramanlıq islerdi atqaradı, jas gedey iyesin patshanıń qızına úylendiredi. Bul multfilmdegi kórgen kishkentay balalar pıshıqtı jaqsı kórip qaladı, oǵan húrmeti, súyispenshiligi artadı.

Biz ayrım waqıtları kishkene balalardıń úy haywanların ásirese pıshıqlardı azaplap, urıp, qıynap atırǵanlıǵınıń guwası bolǵanbız.

«Ivanushka» atlı ertekte qız anası úkesi Ivanushkaǵa jerdegi jaman suwdı ishse ılaq bolıp qalasań degenine qaramay bul suwdı iship ılaqqa aylanadı. Sońınan olar kóp azaplar kóredi hám kóp qıyınshılıqlardan keyin zorǵa qaytadan bala qálpine keledi. Bul ertekte patas, nátiyjesin kórip turmız. Temek jerdegi, patas suwlardı ishiwge bolmaydı eken. Bul ertek balalardı ekologiyanıń tazalıǵın saqlawǵa shaqırıp tur.

Kórip turǵanımızday hár bir ertek, gúrriń, multfilm balalardı tazalıqtı saqlawǵa úyretedi, mıssallar keltiredi.